



V I L C A M B R I D G E

Community Development Department (Depatman Devlopman Kominotè)

IRAM FAROOQ
Asistan Manadjè Vil pou
Devlopman Kominotè

18 Me 2023

Chè Pwopriyetè biznis nan Cambridge:

SANDRA CLARKE
Direktè Adjwen
Responsab Administrasyon

Vil Cambridge ap fè yon Economic Impact Study (Etid Enpak Ekonomik) pou evalye enpak chanjman sikilasyon akoz enstalasyon bisiklèt separe y ap kreye an repons a Cycling Safety Ordinance (Òdonans Sekirite Siklis) lan sou ti biznis Cambridge yo. Nou ap travay ak Volpe National Transportation Systems Center (Sant Nasyonal Sistèm Transpò Volpe) nan Department of Transportation (Depatman Transpò) Etazini an sou etid sa a. Etid la gen ladan l kolekte done ekonomik ak enfòmasyon sou enpak komèsyal nan men biznis ki vann an detay, epi ki bay sèvis pèsònèl ak medikal nan koridò Òdonans lan afekte yo.

KHALIL MOGASSABI
Direktè Adjwen
Responsab Planifikasyon

Sondaj Biznis

N ap mande biznis ki vann an detay, sèvis restoran, pèsònèl ak medikal pou patisipe nan yon sondaj sou entènèt. Sondaj la ap pran apeprè 5-6 minit. Tanpri reponn sondaj la epi pataje enfòmasyon finansye biznis ou an avèk nou pou nou ka jwenn done lavant egzat nan men biznis Cambridge yo. Pou jwenn yon reprezantasyon objektif de enpak ekonomik, aksè a done finansye ki soti nan biznis yo trè itil. Sondaj la gen ladan yon demann pou biznis Cambridge pataje enfòmasyon finansye yo avèk nou volontèman. **Enfòmasyon finansye ou bay yo ap rete konfidansyèl nan limit lalwa pèmèt, epi done yo pral sèlman pataje globalman.**

Egzanp tip enfòmasyon finansye ki pral itil yo ka gen nan yo:

- Done Taks sou Lavant/Repa
- Deklarasyon Taks
- Deklarasyon Pwofi ak Pèt

Se pwopriyetè biznis lan, manadjè a, oswa moun ki gen konesans nan operasyon ak finans biznis lan ki dwe ranpli sondaj sa a. Si ou posede plizyè biznis nan Cambridge, chak kote ap resevwa yon lyen sondaj inik.

Kòd QR inik sondaj la ap fonksyone sèlman pou biznis ou an. Si ou gen yon moun ki gen biznis ou kwè ki pa t resevwa yon lèt nan men vil la, si ou gen kesyon sou sondaj la, oswa ou gen pwoblèm pou konekte nan lyen ki pi ba a, tanpri kontakte nou nan edd@cambridgema.gov epi yon moun ap ede w.

Sensèman,

Pardis Saffari
Direktè Opòtinite Ekonomik ak Devlopman
Vil Cambridge, Community Development Department

344 Broadway
Cambridge, MA 02139
Vwa: 617 349-4600
Faks: 617 349-4669
TTY: 617 349-4621
www.cambridgema.gov

Ki sa Cycling Safety Ordinance lan ye?

An 2019, Cambridge City Council (Konsèy Minisipal Cambridge) te adopte Cycling Safety Ordinance lan (CSO). Odonans lan egzije konstriksyon liy bisiklèt separe lè y ap rekonstwi lari yo kòm yon pati nan Plan Senk-Ane Vil la genyen pou Lari ak Trotwa yo epi yo te deziyen pou pi gwo separasyon nan Bicycle Network Vision (Vizyon rezo bisiklèt la).

Nan 2020, Konsèy la te adopte amannman yo nan CSO a. Amannman yo fikse kondisyon pou enstalasyon apeprè 25 miles (mayls) liy bisiklèt separe nan pwochen senk a sèt ane k ap vini yo. Lokal enstalasyon sa yo ap enfòmè alafwa pa Cambridge Bicycle Network Vision ak egzijans espesifik ki nan Odonans lan.

Pou plis enfòmasyon sou Odonans lan ak enfòmasyon sou pwojè a, konsilte:
<https://www.cambridgema.gov/streetsandtransportation/policiesordinancesandplans/cyclingsafetyordinance>

Cycling Safety Ordinance Economic Impact Study

Nan ete 2022 a, Konsèy Minisipal la te mande Economic Opportunity and Development Division (Divizyon Opòtinite Ekonomik ak Devlopman) pou fè yon Cycling Safety Ordinance Economic Impact Study. Janvye 2023, Vil la te siyen yon akò ak Sant Nasyonal Sistèm Transpò Volpe pou ede nan fè Cycling Safety Ordinance (CSO) Economic Impact Study a. Etid la gen ladan detèmine ki kalite done yo itilize pou rapò a, rasanble done, ak elabore yon rapò. Vil la ak konsiltan nou an te kòmanse kolekte done epi nou espere yon rapò final nan sezon otòn 2023.

Pou enfòmasyon sou Economic Impact Study a, tanpri vizite:
<https://www.cambridgema.gov/CDD/Projects/EconDev/cyclingsafetyordinanceeconomicimpactstudy>